## ÆНАРÆХСТ, ХОРИ ГЪАРМÆ КÆЦИРДÆМÆ ÆРБАДА, УОЙ ДÆР НÆ ФÆЗЗОНУЙ...



*Виссарион БЕЛИНСКИЙ (1811-1848), литературон критик: «Цæстисиндзæ мин æнцæ, сæ фурцийнæй къиллиппитæ кæнун ка райдайуй, еци Фидибæстæ уарзгутæ, æвастгъæртæ æ хуæздæр хотухтæ кæмæн æнцæ, етæ. Фал, сæттун ибæл, тæрегъæддаг мæмæ кæсунцæ, æнадæ мин æнцæ æвæлмаст æнæуyæндгинтæ, æнæбундор лæггæдтæ, астæуистæг кæмæн нæййес, уæхæн дзæгъæл хъеллаугæнгутæ...»*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№9 (1026) 2026 анзи 14 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ

Аргъ 1 туман

РАЗДЗÆУÆГИ БАФÆНЗУНИ АККАГ ДÆНЦÆ – ДЗИЛЛИ РАЗÆНГАРДГÆНÆГ!..

# ЛÆГИГЪÆДГУНТÆН СÆ ЛÆГДÆРТÆ



Дигори райони сæргълæуyæг Цагъати Сослан иссæй III-аг Еугуруæрæсеуон муниципалон премий «Лæггадæ»-йи кæронбæттæн еристи архайæг. Аци æхцæуæн хабар куддæр райгъустæй, уотæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити ци берæ æрмæгутæ фæззиндтæй, уонæн сæ еумæйаг медес адтæй: «Цæгат Иристони ес хецаудзийнади уæхæн косæг, кæцимæн гъуди «Адæмæн рæстуодæй лæггадæ кæнун…» уотид сæнттади загъд нæй, фал æй æ царди фæткæ, æ удигъæди менеуæг. Уомæ гæсгæ адæмæн цийнаг иссæй Цагъай-фурти æнтæстдзийнадæ. Федарæй си æруагæс кæнуй еци премий аккаг æцæгæйдæр ке æй, е. Уомæн æма син зундгонд æнцæ æ лæгдзийнади æма рæстзæрдæ фæллæнтти æвдесæнтæ. Еци хабæрттæн сæ еугурей кой ракæнунæн нин равгæ нæййес, фал си уæддæр дууæ цауей туххæй ба цубурæй радзордзинан.

НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

НОМЕРÆН



### Æ ФÆРЦИ НÆХЕ ХУÆЗДÆР БАЗУДТАН...

Номдзуд ахургонд, историон наукити доктор, Цæгат Иристони науки æскъуæлхт архайæг **Калоти Александри фурт Бариси** райгурдбæл 15 феврали исæнхæст æй дæс æма фондзинсæй анзи (1916-2006). Æгæрон берæ хуæрзти бацудæй нæ адæми уодварни цитгиндзийнадæн аккаг хузи исбæрзонд кæнуни гъуддаги æвæллайгæй хъиамæт кæнгæй. Уой наукон фæллæнтти фæрци æнæгъæнæ дуйней дæр базудтонцæ нæ адæми намусгин цардвæндаги хабæртти бæлвурддзийнадæ. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 3-4-аг фæрстæбæл.



### ÆРДЗИ ХÆЗНАТÆЙ ФАРНÆ ХАСТА АДÆМÆН...

Номдзуд советон инженер-нефтикустгæнæг, паддзахадон-хæдзарадон архайæг, Ленинон премий лауреат **Тæкъоти Афсимайхуæй фурт Дзандари** райгурдбæл 28 феврали исæнхæст æй дæс æма фондзинсæй анзи (1916-2001).

Æ намусгин цардиуагæй Тæкъой-фурт рохс фæд ниууагъта нæ Фидибæсти анзфинсти, адæми зæрдити. Нефти кустадæ райаразун æма си хæдзардзинæй пайда кæнуни фæдбæл ци наукон куститæ, статьятæ ниффинста, уони нимæдзæ сæдемæ хæстæг æй. ССР Цæдеси нефти промышленности хуæдæййевæгæй косгæй, гъуддаги фæдбæл 89 хатти балцити адтæй Америки Еугонд Штатти, Франций, Канади, Япониймъ, Мексики, Италий, Финляндий, Египети, Кувейти, Ливий, Польший, Чехословакий æма æндæр бæстити. Æма кæмидæриддæр адтæй, уоми 'й нимадтонцæ дæсни специалист æма курухон дипломатбæл.

Тæкъоти Дзандари цардвæндаги æма æ арфиаг фæллæнтти туххæй æрмæг кæсетæ 5-аг фарсбæл.

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Санкт-Петербурги 1761 анзи арæзт ку фæцæй Зуймон галауан, уæд æ алфамбулай цъоппидзаг адтæй, аразгутæ сæ фæсте ци аллихузон æрмæг æма бугътæ нииуагътонцæ, уонæй. Æма си фæзуат искæдзос кæнун исзин æй. Æма уæд Уæрæсей уæди паддзах Петр III æргъуди кодта дессаги мадзал: бардзурд равардта, еци байзайæггæтæй адæми ци гъæуй, уой лæвар хæссæнтæ, зæгъгæ. Фæзæ уайтæккæдæр ракæдзос æй…*

## ÆНТÆСТГИН КУСТÆН ГЪÆУАМА АККАГ АРГЪГОНД ЦÆУА!..



# ХУÆРЗЕУГУТÆ – ХУÆЗДÆРТÆН

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг Сергей Меняйлой Указæй æ кустадон æнтæстдзийнæдти туххæй зундгонд журналист Хæмицати Морисæн лæвæрд æрцудæй Цæгат Иристони Кади грамотæ.***

Хæмици-фуртæн кадгин хуæрзеуæг равардтонцæ, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл комитети ци æмбурд адтæй, уоми. Æ кадгин хуæрзеуæги туххæй Морисæн райарфæ кодта комитети сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Эльдар Афашоков**.

Хæмицати Морис айдагъ журналист нæй, е зундгонд æй куд финсæг, тæлмацгæнæг æма футболон комментатор дæр. Уæрæсей журналистти Цæдеси иуонг уогæй, Хæмици-фурт мухури рауагъта берæ публицистон уадзимистæ æма киунугутæ. Газеттæ «Рæстдзинад» æма «Северная Осетия»-йи е ци зæрдиаг куст фæккодта, уой фæрци Иристони журналистики байахæста зингæ бунат.

Фембæлди архайæг адтæй Æрæдони 4-аг лицейи ахурдзау **Цопанти Мария** дæр. Æригон кизгæ нурма фиццаг къахдзæфтæ кæнуй журналиститики къабази, фал æ архайд нуриуæнгæ бæрæггонд æрцудæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги Арфи финстæгæй. Æрæги кизгæ е 'сфæлдистадон куст балæвардта Цæгат Иристони Сæргълæууæги преми райсуни конкурсмæ журналистики къабази. Нæ зæрдæ дарæн, еци исфæлдистадон ериси дæр æ архайд æнтæстгин ке уодзæнæй, уобæл.

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитети пресс-службæ***

## ДОХТИРТИ ПРОФЕССИОН ЕРИСТÆ

# КА РАЗИНДЗÆНÆЙ ХУÆЗДÆР?

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæ, Цæгат Иристони паддзахадон медицинон академи æма клиникæ «Мега»-йи хъæппæресæй нæ республики нур æртиккаг хатт арæзт цæуй, Цæгат Иристони медицини ирæзтмæ зингæ æвæрæн ка бахаста æма нуриккон медицини зингæдæр æнтæстдзийнæдтæ ке къохи бафтудæй, еци дохтирти 'хсæн профессионалон конкурс «Мегадоктор».



Мадзали архайдтонцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Республикон клиникон сæйгæдони сæйраг дохтир **Лагкути Мæхæмæт**, клиникæ «Мега»-йи хайади сæргълæууæг **Гаглойти Альбинæ** æма Сувæллæнтти республикон клиникон сæйгæдони урологий хайади сæргълæууæг, аци конкурси евгъуд анзи уæлахездзау **Асхаб-Хож-Шидаев**. Гаглойти Альбинæ аци ериси туххæй дзоргæй уой баханхæ кодта, æма нæуæг конкурси ихæстæ хъæбæр вазугтин ке 'нцæ нæ республики медицини къабазæ раззагдæр æвмæзадæмæ ракæнунæн:

– Фиццаг анз конкурси архайунмæ кæд æстдæс æма инсæй курдиади райстан, уæд дуккаг анз ба адтæнцæ никки фулдæр. Еци ампъез профессион æмæхсæнадæн фæлварæни хузæн адтæй, нур ба иссæй традицион. Преми райсуни конкурси нисантæ æнæйййивдæй байзадæнцæ, нæ республики медицини ирæзтбæл зæрдиагæй архайæг ке къохи бафтудæй æнтæстдзийнæдтæ, еци хуæздæр æма æнтæстгиндæр дохтиртæ, наукон медицини косгутæ исбæрæг кæнун æма сæ сæрмагонд премийæй исхуарзæнхæ кæнун.

Асхаб-Хож-Шидаев ба æ радзубандий уотæ загъта:

– Мæ дæсниади æз архайун клиникон кусти æмвæззадæ бæрзонддæр къæпхæнмæ исесунбæл. Айдагъ операцитæ кæнунæй нæй дохтири дæсниадæ. Гъæуй хебæл еудадзуг косун, нæуæг мадзæлттæ агорун сæйги дзæбæх кæнунæн.

Лагкути Мæхæмæт ба радзурдта компани «Мега»-йи архайди фæдбæл:

– Фарæ конкурси архайгути кустити фæткæ карз адтæй. Лæдæрæн æй – еристæ 'нцæ агъазиау мадзал. Клиникæ «Мега» кæд хецæн адæймаги къохи æй, уæддæр хецæн адæймæгути клиникитæй уæхæн ихæстæ «Мега»-йæй уæлдай неке исараста. Хуарз дохтирти куст æма æнтæстдзийнæдтæ гъæуама бæрæггонд цæуонцæ æма син аргъ дæр кæнæн.

Профессион конкурс арæзт æй мæнæ ауæхæн номинацитæй: Цæгат Иристони фæзуати фиццаг операци искæнун, диагностикæ æма незтæ дзæбæх кæнунæн нæуæг гæнæнтæ мадзал кæнун æма наукон публикаци бацæттæ кæнун.

## АДÆЙМАГ Æ РАУÆНИ РАУОН-ЦИУОНÆЙ КУ БÆЗЗА, УÆД СИ ДЗИЛЛÆ ДÆР АРФИАГ ФÆУУНЦÆ!..


ЦАГЪАТИ Сослан, фидбилизæй ци биццеуи фæййервæзун кодта, уой хæццæ.

# ЛÆГИГЪÆДГУНТÆН СÆ ЛÆГДÆРТÆ

Фиццаг цау æрцудæй Дур-Дури гъæуи, цалдæр анзей размæ, Сослан уæд уоми гъæуи сæргълæууæгæй куста. Фарастанздзуд биццеу бугъдони иссирдта, Устур Фидибæстон тугъди рæстæгутæй ардæмæ ами зæнхи ци гранат РГД-5 байзадæй, уой. Сувæллон æнгъæл адтæй, е уотид æфсæйнаги тумбулæг æй, зæгъгæ, æма 'й сæ хæдзарæмæ 'рбахаста. Уоми ба 'й æзгелун байдæдта, фæндадтæй æй æ хурфи ци ес, уой базонун. Цалинмæ еци иссерæггаги хæццæ архайдта, уæдмæ сæ тургъæмæ бацудæй Цагъати Сослан, æма биццеуи къохти гранат ку рауидта, уæд фиццаг уотæ æхецæн раунаффæ кодта, нуртæккæ, дан, ин æй райсдзæнæн, зæгъгæ, фал гранати зелæггаг биццеуæн е 'нгулдзæбæл ку рауидта, уæд æцæгæй таси бацудæй. Цидæр къæрцц райгъустæй. Еци-еу тахт ракодта æндæмæ æма 'й будур æрдæмæ фехста… Кæд не 'срæмугъдæй, уæддæр Сослан фæдздзурдта ервæзунгæнгутæмæ, кæцитæ гранат æнæзиангъон искодтонцæ. Хуцауи фæрци неке бастъалдæй. Уой фæсте сапертæ куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй гарзæг зæнхи буни берæ æнзти дæргъи ке фæллæудтæй, уой туххæй ниуумæл æй æма уомæ гæсгæ не 'срæмугъта. Еци гъæуккаг биццеу, куд фæззæгъунцæ, хæдони райгурдæй. Уæдта ма хъæбæр хуарз ба е адтæй, æма æ рази æдæрсгæ адæймаг ке фæцæй, кæци æнæфæстæмæ фæккæсгæй, ци гъудæй, уой афойнадæбæл исæнхæст кодта.

* * *

Дуккаг цау ба æрцудæй Дигорайæй Дзæуæгигъæумæ цæугæй надбæл. Уæззау транспортон фидбилиз си 'рцудæй: æригон силгоймаг æма æнагъон сабийи хæццæ хуæдтолгæ сæрбехъулæнттæ кæнгæй, фæснадмæ расхъиудтæй, фæууæлгоммæ 'й. Цæф уотæ карз адтæй, æма сувæллæнттæй еу къæразгæй рахаудтæй, еу-дæс æма дууинсæй метри æндæдæр. Сабий æ кеми нæбал адтæй. Дуккаг сувæллон æма æ мадæн дæр гъудæй æвæстеуатæй фæййагъаз кæнун. Еци рæстæг уоми фæцæй Цагъати Сослан æма бæлахи бахаугутæн æ бон цидæриддæр адтæй, уомæй фæййагъаз кодта…

Цæгат Иристони цæргутæ хуарз гъуди кæнунцæ еци хабæрттæ, æма уæлдай разæнгардæй гъæлæс кæнунцæ сæ бæгъатæрбæл, цæмæй преми «Лæггадæ» райсуни кæронбæттæни æркасти рамола. Еци гъуддаги гъæлæсгæнгути 'хсæн æй Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Æ телеграм-канали нифинста: «Хъæзар æмбæлттæ, æз дæр исгъæлæс кодтон, æма мæ фæндуй, цæмæй еугурæй дæр фæллæууæн не 'мзæнхони фарс».

Преми «Лæггадæ»-йи цæстдарæг совет куд игъосун кæнуй, уотемæй федаргонд æрцудæй кæронбæттæн æркасти архайгути номхигъд – уомæ хаст æрцудæнцæ дæс æма фондзинсæй проекти. 2 мартъий райдæдта Адæмон гъæлæскæнуйнадæ. Уоми архайуни барæ ес нæ бæсти цæргутæй алкедæр. Премийæн ес еуæндæс номинаций, уонæй алкæцидæри дæс архайæги. Цагъати Сослан архайуй «Бæгъатæрдзийнадæ æма æхсарæ Фидибæстæн лæггадæ кæнуни сæрбæлтау», зæгъгæ, номинаций.

Уæлахездзаутæн преми раттуни кадгин церемони арæзт æрцæуудзæнæй аци анзи 21 апърели. Цагъати Сослан рамолдзæнæй æви нæ, уæддæр æй æцæг бæгъатæр, уомæн æма адæми фæййервæзун кодта, æхе цардбæл нæ сагъæс кæнгæй.

Кæронбæттæни ма уой зæгъуйнаг ан, æма ци премий кой ракодтан, е нисангонд æрцудæй Уæрæсей Федераций Президент **Владимир Путини** фæндонмæ гæсгæ. Лæвæрд ба цæуй, уæлдай æскъуæлхдзийнæдтæ ка равдиста, еци бæрнон бунæтти косгутæн.

***БИЧИЛТИ Алетæ***

**Экономикон фудракæндти нихмæ тох кæнуни дæлхайæдти Бон бæрæггонд цæудзæнæй 16 мартъий.**



# Æ ФÆРЦИ НÆХЕ ХУÆЗДÆР БАЗУДТАН...



**ЦИБИРТИ Людвиг,**
историон наукити доктор

***Калоти Бариси ном урух зундгонд æй куд нæ бæсти, уотæ фæсарæнти наукон æхсæнæдти медæгæ дæр, дæсгай æнзти æвæллайгæй фæллойнæ кодта Иристони æма еумæйагкавказаг этнографи æма адæмон исфæлдистади фарстатæбæл. Ци наукон куститæ ниммухур кодта æма ци фарстатæ рартаста, уонæмæ гæсгæ Калой-фурт ахæссуй зингæ бунат советон этнографти ’хсæн.***

«Кæцифæнди адæмихатт дæр гъæуама æ зунди цирагъ хуссун ма уадза – цæмæй иннæ адæмихæттити хæццæ еумæ рохс кæна дуйне. Æ цирагъ кæмæн расæттуй, еци адæмæн дуйнеуон бæрæгбони бунат нæбал фæууй. Æнамонд æнцæ, цирагъ кæмæ нæййес, еци адæм, фал мин хатти æнамонддæр ба ’нцæ, рохс кæмæ адтæй, фал æй кæмæн байстонцæ, кенæ ба ’й æхуæдæг æвæгæсæгæй ка ниууагъта, еци адæм…»

Уотæ кæддæр финста Индий дзурддзæугæдæр лæгтæй еу, номдзуд финсæг æма философ Рабиндранат Тагор (1861-1941). Уой фæдзæхст æргъуди кæнгæй, уой зæгъуйнаг ан, æма хуæрзамондæй хайгин æнцæ, сæ зунди тиллæг син багъæуай кæнунбæл уодуæлдайæй ка фæййархайуй, уæхæн адæймæгутæ се ’хсæнæй кæмæн рантæсуй, еци адæм.

Мах, Иристони дзиллæ, сæрустур ан, уæхæн адæймæгутæй нуриуæнгæ дæр æнхæст ке адтан æма нур дæр ке ан, уомæй. Уонæй еу – Калоти Александри фурт Барис, номдзуд ахургонд, историон наукити доктор, Цæгат Иристони науки æскъуæлхт архайæг, ССР Цæдеси наукити Академий этнографий Институти Кавкази хайади раззагдæр наукон косæг.

Калоти Бариси ном урух зундгонд æй куд нæ бæсти, уотæ фæсарæнти наукон æхсæнæдти медæгæ дæр, дæсгай æнзти æвæллайгæй фæллойнæ кодта Иристони æма еумæйагкавказаг этнографи æма адæмон исфæлдистади фарстатæбæл. Ци наукон куститæ ниммухур кодта æма ци фарстатæ рартаста, уонæмæ гæсгæ Калой-фурт ахæссуй зингæ бунат советон этнографти ’хсæн. Æ номи хæццæ баст æй айдагъ Цæгат æма Хонсар Иристони нæ, фал еугур Кавкази этнографион наукæ идарддæр исирæзуни гъуддаги хæццæ.

Æ сабийдоги бонтæ Барис рарвиста æ райгурæн хуæнхаг гъæу Байкоми, кæци æрæнцадæй Захъай коми, Цæгат æма Хонсар Иристони ’хсæн. Сæ цардиуаги уавæртæ фæррæвдзæдæр кæнуни зæрдтæй Калоти биййонтæ 1927 анзи ралигъдæнцæ Къостайгъæумæ. Æма ами еуæндæсанздзуд биццеуæн фадуат фæцæй ахур кæнунæн. 1931 анзи, 15 анзи ибæл ку цудæй, уотемæй фæскомцæдесон путевкæмæ гæсгæ Барис ахур кæнунмæ æрвист æрцудæй Ростови косгути факультетмæ (рабфакмæ).

Ахур кæнун кæд гъудæй изæрдалингти уæнгæ, уæддæр иссеридæ рæстæг цæруни равгитæ амал кæнунæн дæр – куста паровозтæ цалцæггæнæн заводи.

Рабфак каст фæцæй 1936 анзи æма раст гъеуæд идарддæр ахур кæнунмæ бацудæй Ростови паддзахадон университети историон факультетмæ, фал иннæ анз ба раййивта Цæгат Иристони паддзахадон педагогон институтмæ, кæций каст фæцæй 1940 анзи.

Æма имæ еци анз фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ, 1941 анзи феврали иссæй Фæскавкази æфсæддон-политикон училищей ахурдзау.

Устур Фидибæстон тугъд куддæр райдæдта, уотæ Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ фæннæхстæр æнцæ Калоти Александри фурттæ дæр. Уонæй сæ еу – Хазби – уæди рæстæги зундгонд адтæй дзиллæн куд искурдиадæгин поэт. Тугъди хуæдразмæ е ’мдзæвгитæй еуеми уотæ финста:

*Гъей, ныхæсты ныфс, мæнæй*
*цæй дард дæ!*
*Гъей, цæй тыхджын дæ,*
*зæрдæйы рад!..*
*О нæ зæхх, цæрынæн мæ*
*ныййардтай*
*Æмæ мын дæ урс æхсырæй*
*ратт!*

Райдзаст цардиуагæ аразунмæ бæргæ бæлдтæй, фал æй багъудæй уæхæн царди сæрбæлтау знаги нихмæ тохи бацæун.

*Æз цæуын… Цæуын, æмæ, чи зоны, фæстаджы балцы… Гъей, цæй даргъ у, цæй алыхуызон у мæ фæндаг! Хорзæй баззай, мæ райгуырæн Ир!.. Уарзын дæ… Уарзын дæ æмæ курын, ма мæ ферох кæн. Ницы дын радтон хорзæй, нæ уыд рæстæг… Ехх! Фæлæ мæ бон уыд уарзын, бауромæн кæмæн нæй, ахæм уарзондзинадæй.*

*О цас уарзын!..*

*Бабын уа, мах чи фæхицæн кодта, нæ цард нын чи сызмæста, уый бын бауа!*

*Цавæр фæндтæ уыд мæ сæры, цæмæты бæллыдтæн!.. Гъей, бæллиццаг цард!..*

Калоти Хазби æхсаргинæй фæммард æй Курски къæлæти, цудæй ибæл æдеугурæй дууæ æма инсæй анзи (1921-1943).

Æ поэтикон исфæлдистадæ ин хъæбæр хуарз зонунцæ ирон адæм. Е ’мдзæвгитæ цалдæр хатти уагъд æрцудæнцæ тугъди фæсте æнзти хецæн киунугутæй.

Иннæ æнсувæр Солтанбег дæр кæрæй-кæронмæ рацудæй тугъди уæззау нæдтæбæл, иристойнаг æфсæддон дохтиртæй фиццаг е иссæй медицинон служби инæлар-майор (1917-1977). Калоти æнсувæрти хестæр Барис службæ кодта артиллерион полкки, уой фæсте каст фæцæй политкосгути цубургонд къурситæ. Немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тугъдтити архайдта фиццаг Калинини фронти, уой фæсте Центрон фронти, знагæй уæгъдæ кодта сахартæ Курск, Воронеж, Белгород. 1943 анзи фæцæй уæззау цæф. Ку фæдздзæбæхдæр æй, уæд æй службæ кæнунмæ рарвистонцæ Мæскумæ, гвардион-минометон хæйттæ аразæг штаби политхайади инструкторæй.

Æфсадæй исæздахтæй 1946 анзи. Æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти æвдесæн æнцæ æ цуппæрдæс хуæрзеуæги. Фал тугъдæй айдагъ хуæрзеугути хæццæ не ’ссудæй: æ цæргæ-цæрæнбæнтти еци ресæги ристæнцæ æ уæззау цæфти гъæдгинтæ.

4

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Рагон бердзейнаг разагъди финсæг Эзоп æмбесæндтæй еу уæхæн æй:

– Цæветтонгæ, цæрæгойтæ сæхецæн паддзах исæвзарунвæндæ искодтонцæ. Æрæмбурд æнцæ, унаффитæ кæнун байдæдтонцæ. Пил æма теуа фæббуцæу æнцæ, махæй устурдæр сирдтæ нæййес æма гъæуама махæй еске исуа паддзах, зæгъгæ. Маймули сæмæ фегъуста, уæдта дзурди барæ ракурдта æма загъта, уæ еу дæр, дан, нæ бæззуй паддзахæн: теуа е ’фхуæргутæмæ тингун кæнунмæ ку нæ арæхсуй, уæд уомæй цæй паддзах ес, пил ба, дан, хуййи хъибилæй дæр тæрсгæ ку кæнуй, уæд е дæр цирдигон паддзах уодзæнæй?..

Финсæг аци æмбесондмæ гæсгæ искодта уæхæн хатдзæг:

Еуæй-еу хатт минкъий аййеп дæр къулумпий хуасæ фæууй устур гъуддаг исаразунæн. Мах ба, нæ абони цардарæзти цитæ цæуй, уонæмæ гæсгæ зæгъуйнаг ан уотæ: цæмæйдæрти аййепгун ка фæууй, уонæн сæ сахъатдзийнадæ кæд æма бæлвурдæй-бæлвурддæр фæууй, уæддæр сæ цæмæдæр гæсгæ «рападдзæхтæ» кæнунцæ, хецаудзийнади бæлдтагдæр бунæтти сæ æрбадун кæнунцæ. Æма сæ аййеппити фудгъæдæдзийнадæ уæд никки бæрæгдæр рауй – сæ гъæндзийнæдти лазæ нин сæринез исуй. Уæлдай дессаг ба е æй, æма уой уингæй сæ армдаргутæ сæ уæлиау кæнунцæ, еу иннемæй агъазиаудæр хуæрзеугутæй сæ рæвдаунцæ…



**КВИНТ ГОРАЦИЙ Флакк, рагон ромаг поэт: «Гъæздуг кæнæ цæсгонгинæй, кæд дæ бон æй, кæд нæй, уæдта цийфæнди мадзалæй дæр…»**

Уой æнгъæл нæ ан, æма аци номдзуд лæги загъд нæ нуриккон бонгинтæй еске бакастæй – зундагорæнтæмæ сæ нæ евдæлуй мулкитæбæл хæлæф кæнунæй. Кæд си æй еске бакастæй кенæ фегъуста, уæддæр ин балæдæрдтæй æ дуккаг хай, æма гъæздуг кæнуни æнæфсес уогæй нецæмæй æфсæрми кæнунцæ, некæбæл ауæрдунцæ, сæ æнæтæрегъæдæй бустæги истæрегъæддаг унцæ…



**КВИНТИЛИАН Марк Фабий, рагон ромаг дзурдархæст лæг: «Рæстдзийнадæ, закъондзийнадæ, хуæрзуагæдзийнадæ, рæстадæ, æнæмастдзийнадæ – гъе уони еугурæй дæр байеугæнæн ес еу лæдæруйнадæй: «рæстадæ».**

Бæргæ син ес байеугæнæн, фал уотæ кæми уодзæнæй, уæхæн цардарæзт ба мах, æвæдзи, айдагъдæр нæ медфунти уиндзинан, игъалæй ба нин си цæргæ некæд рауайдзæнæй… Не ’хсæнади абониккон исконд уæхæн æй уодæнцойнæдзийнадæмæ нæ бон айдагъдæр тæходуй кæнун æй…



**АРИСТОТЕЛЬ, рагон бердзейнаг философ: «Æхцæуæнддзийнæдти æгæр уæлдайдзийнæдтæ – е ихæлддзийнадæ ’й, æма карз бафауни аккаг æй…»**

Бæргæ уотæ ’й, фал… Фаунæй комкоммæ ихæсгин ка ’й, етæ æхцæуæндзийнæдтæй, растдæр зæгъгæй ба, гириззагдзийнæдтæй æгæргæнæг сæхуæдтæ ’нцæ. Бакæсайтæ нæ нуриккон кинонивтæмæ, телеравдиститæмæ!.. Бæхбадт сæбæл ка æркодта, етæ ’фсæрми ци æй, е сæмæ нимади дæр нæй, айдагъдæр сæ гъæуй æхца æма æхца, сæ гириззагдзийнадæ бауорамæг ба син нæййес.

***ГААЗ Федор (1780-1833), номдзуд уруссаг дохтир: «Амондмӕ тӕккӕ ӕнӕсайддӕр над амондгун унмӕ бӕллун нӕй, фал ӕй иннети амондгун кӕнунбӕл архайун. Уой туххӕй адӕми гъӕуагӕдзийнӕдтӕ терғади кӕнун, ауодун сӕбӕл, фӕллойнӕй нӕ тӕрсун гъуддагӕй дӕр, дзурдӕй дӕр син агъаз кӕнгӕй, уарзун сӕ гъӕуй...»***


КАЛОТИ Барис ахид фембӕлидӕ ӕригон ахургӕндти ӕма студентти хӕццӕ.

# Ӕ ФӔРЦИ НӔХЕ ХУӔЗДӔР БАЗУДТАН...

Мӕскуй ку службӕ кодта, уӕд Калой-фурт цудӕй лекцитӕмӕ ӕма наукон сесситӕмӕ Мӕскуй паддзахадон университетмӕ ӕма академион институттӕмӕ, ами базонгӕ 'й берӕ зундгонд ахургӕндти хӕццӕ. Раст гъеуӕд исфӕндӕ кодта ӕ цард наукӕн иснивонд кӕнун.

Ӕфсадӕй исуӕгъдӕ уни фӕсте Барис иссӕй ССР Цӕдеси наукити Академий этнографий институти аспирант. Ӕ наукон разамонӕг адтӕй зундгонд ирон историк Кокити Геуӕрги, 1950 анзӕй фӕстӕмӕ ба ин разамунд лӕвардта, ӕнӕгъӕнӕ дуйней дӕр ӕ ном зундгонд кӕмӕн ӕй, уӕхӕн советон ахургонд М. Косвен. М. Косвени хуӕрзауодӕн хъӕбӕр рӕстмӕ фӕббӕрӕг ӕй Бариси наукон исбайлӕгъадӕбӕл. Е ин баунаффӕ кодта монографи «Осетины» ниффинсуни гъуди дӕр. Еци куст иссӕй Калоти Бариси исфӕлдистадон хӕснадони тӕккӕ агъазиаудӕр фӕллойнӕ. Диссертаци багъӕуай кӕнуни фӕсте Калоти Барис косгӕ байзадӕй этнографий институти, ами косуй нуртӕккӕ дӕр.

Калоти Бариси наукон цардвӕндаги агъазиау цау иссӕй, евгъуд ӕноси 50-аг ӕнзти Абайти Васо Ленинградӕй Мӕскумӕ ке 'рбацудӕй ӕма ССР Цӕдеси наукити Академий системи еумӕ косун ке райдӕдтонцӕ, е. Уӕдӕй фӕстӕмӕ Абайти Васо иссӕй Калоти Барисӕн ӕ нӕдамонӕг стъалу. Васой фӕрци Барис косун райдӕдта Нарти кадӕнгитӕбӕл, ӕ хӕццӕ архайдта еци агъазиау дзоргӕ адӕмон исфӕлдистади тухххӕй арӕзт еугурцӕдесон ӕмбурдти. Абайти Васо устур ӕргом раздахта, Калой-фурт нӕ адӕми мифологий ӕма равзурди тухххӕй ци куститӕ ниффинста, уонӕмӕ. Васой фӕндӕмӕ гӕсгӕ ӕртасун райдӕдта венгрийаг ясси истори дӕр.

Фал уӕддӕр Калоти Бариси наукон архайди сӕйраг бунат байахӕста нӕ адӕми истори ӕртасӕн. Финста нӕ адӕми материалон ӕма удварни культури, дзоргӕ адӕмон исфӕлдистади, мифологий зингӕ фарстати фӕдбӕл наукон-зонадон куститӕ. Ӕ кандидатон диссертаций бӕлвурд ӕрлӕудтӕй, мӕздӕггаг рауӕнти нӕ адӕмӕй цӕргӕ кӕмӕн раудадӕй, уони историон-этнографион фарстатӕбӕл. Еци кусти ирдӕй ӕвдист ӕрцудӕй XVIII ӕноси кӕрони будурмӕ раледзӕг хуӕнхаг дзиллитӕ культурӕ ӕма цардиуагӕ.

Калоти Бариси наукон исфӕлдистади сӕрмагонд бунат ахӕссуй бундорон историон-этнографион рартӕст «Осетины». Е мухури рацудӕй 1967 анзи рауагъдадӕ «Наука»-йи. Уой фӕсте нӕуӕгӕй мухургонд ӕрцудӕй (уруxдӕргонд хузи) 1971 анзи. Ахургонд ӕ киунуги хъӕбӕр бӕлвурдӕй ӕма ӕнхӕстӕй равдиста нӕ адӕми материалон културӕ (цӕрӕн бунӕттӕ, хуаллаг, уӕледарӕс ӕма ӕндӕртӕ), ӕхсӕнадон ӕма бийнонти рахастдзийнӕдтӕ, дин, рохсадӕ, културӕ, национ ирӕзт. Ахургонд парахаттӕй испайда кодта бӕлвурд этнографион ӕрмӕгутӕй, ӕрӕмбурд сӕ кодта куд Цӕгати ӕма Хонсари цӕрӕн рауӕнти, уотӕ Стъараполи крайи еумӕ нӕ адӕмӕй ка цӕруй, уони 'хсӕн дӕр.

Сӕрмагондӕй байамонун гъӕуй Калоти Бариси арӕзт альбом-киунугӕ «Материальная культура и прикладное искусство осетин»-и тухххӕй дӕр. Мухури рацудӕй 1973 анзи Мӕскуй. Аци кусти автор хуарз равдиста нӕ адӕми цардиуагӕ – сӕ цӕрӕн бунӕттӕ, уӕледарӕс, хӕдзари дзауму, косӕндзаумӕуттӕ, циртдзӕвӕнтӕ, нивӕфтудтӕ, ӕрмдӕснити куститӕ ӕма уотӕ идарддӕр.

Калой-фурт устур хай бахаста нӕ адӕми равзурди фарстатӕ рартасуни гъуддагмӕ дӕр. Еци фарстати фӕдбӕл финст ӕрцудӕй ӕ докторон диссертаци, уоми бӕлвурд равдиста нӕ адӕми равзурди хӕццӕ баст фарстатӕ ӕма этнографион менеугутӕ. Еци ахсгиаг фарстай фӕдбӕл ма Барис ниффинста, «Данные этнографии и фольклора о происхождении осетин», «Погребальные и поминальные обряды осетин как источник этногенеза», «Этнографические данные о связи осетин со Средней Азией», «Скифо-сармато-аланоосетинские параллели», «Этногенез и этническая история осетин в трудах В. Абаева» ӕма ӕндӕр наукон куститӕ.

Калоти Бариси исфӕлдистадон архайди устур бунат байахӕстонцӕ нӕ адӕм ӕгӕрон сӕрустур кӕмӕй ӕнцӕ ӕма син уӕлдай цитгин ка 'й, нӕ еци Нарти кадӕнгити тухххӕй фӕллӕнттӕ. Дууӕ хатти – 1951 анзи (Абайти Васой хӕццӕ еумӕ) ӕма 1978 анзи архайдта Нарти кадӕнгити текститӕ ӕрӕмбурд кӕнуни ӕма сӕ мухури раудзуни гъуддаги. Ниффинста син комментаритӕ ӕма фӕсдзурд. Сӕрмагондӕй наукон уац дӕр ниффинста Нарти кадӕнгити тухххӕй.

Фӕстаг ӕнзти ахургонд е 'ргом раздахта, XIII ӕноси Венгрий территоримӕ ци алайнаг ӕзнӕмтӕ-ясстӕ рафтудӕнцӕ, уони историмӕ. Уордӕмӕ наукон балций фӕццудӕй дууӕ хатти. Ясcти тухххӕй ци куститӕ ниффинста, уонӕми равдиста цӕмӕдесаг ирон-яссаг этнографион ӕмхузондзийнадӕ.

Фал Калой-фурти наукон цӕмӕдестӕ айдагъ нӕхе адӕми этнографий фӕдбӕл архайдӕй нӕ хецӕн кӕнунцӕ: ӕ фӕллӕнтти 'хсӕн берӕ куститӕ ес еумӕйаг-кавказаг тематики тухххӕй, финсуй хецӕн кавказаг адӕмихӕттити историбӕл дӕр. Ахургонд берӕ ӕнзти дӕргъи ӕртаста зундгонд кавказӕртасгутӕ В.Ф.Миллери ӕма М.М.Ковалевскийи фӕллӕнттӕ. Ӕ зундгонд киунугӕ «В.Ф. Миллер – кавказӕртасӕг» уагъд ӕрцудӕй 1963 анзи ӕма имӕ наукон фӕлтӕртӕ нерӕнгӕ дӕр ма ӕздахунцӕ устур ӕргом.

Академик Миллери наукон бунтӕ хъӕртунцӕ кавказӕртасуни еугур къабӕзтӕбӕл дӕр. Е мухур кодта текститӕ, ӕвзурста лексикографи, ахур кодта ӕвзӕгтӕ, адӕмон исфӕлдистадӕ, этнографи, истори, археологи ӕма уотӕ идарддӕр. Калой-фурт куд зӕгъуй, уотемӕй Миллер адтӕй, скифагсарматаг ӕзнӕмти нӕ адӕми фидтӕлтӕ ка рахудта, еци фиццаг ахургонд. Агъазиау куст бакодта, нӕ маддӕлон ӕвзаг ирайнаг къуармӕ ке хауй, уой исбӕлвурд кӕнунбӕл.

Калоти Барис устур монографи ниффинста академик Ковалевскийи тухххӕй дӕр. Киунугӕ «М.М.Ковалевский и его исследования горских народов Кавказа» мухури рацудӕй 1979 анзи Мӕскуй. Монографий бӕлвурд ӕвдист ӕрцудӕнцӕ ахургонди цардвӕндаг ӕма наукон архайд, бӕлвурд ин равдиста ӕ рартӕститӕ кавказаг хуӕнхаг адӕмти тухххӕй.

Киунуги фӕрстӕбӕл Калоти Барис устур аргъ искодта, Ковалевский нӕ адӕми тухххӕй ци агъазиау куст ниффинста, уомӕн. Еци куст хуннуй «Современный обычай и древний закон».1981 анзи рауагъдадӕ «Наука»-йи Калоти Барис ниммухур кодта монографион рартӕст «Земледелие народов Северного Кавказа».

Еци кусти бӕлвурд ӕрлӕудтӕй Цӕгат Кавкази адӕмти сӕйрагдӕр ӕма рагондӕр архайдӕй еуебӕл – зӕнхикустбӕл. Монографий бӕлвурд ӕвдист ӕрцудӕнцӕ зӕнхикусти системӕ, адӕмон гъӕуунхӕдзарадон косӕнгӕрзтӕ, аллихузон ӕгъдӕуттӕ. Киунугӕ гъӕздуг ӕй, картографион ӕма цӕстӕйуингӕ ӕрмӕгӕй. Еци киунугӕ Калоти Барис ниффинста мах адӕм дӕр ӕма синхаг адӕмтӕ – вайнахтӕ, адыгейӕгтӕ ӕма балхъайрӕгтӕ дӕр ци рауӕнти цӕрунцӕ, уоми аци гъӕздуг ӕрмӕг ӕрӕмбурд кодта, уой бундорбӕл ӕ къохи бафтудӕй еци адӕмти зӕнхикусти этникон менеугутӕ бӕлвурд рартасун.

Аци монографийӕй уӕлдай ма Цӕгат Кавкази адӕмти тухххӕй ахургонд уацтӕ ниффинста киунугӕ «Народы Кавказа»-йӕн. Уонӕми равдиста цӕцӕйнӕгти ӕма мӕхъӕлӕнтти цардиуагӕ, къуар кусти ниффинста Дагестани цӕрӕг адӕмихӕттити тухххӕй. Зундгонддӕр этнографтӕй-кавказӕртасгутӕй еу уогӕй, Калоти Барис медесгун докладтӕ искӕнидӕ антропологон ӕма этнографион наукон дуйнеуон конгресcти. Калоти Барис берӕ хӕттити архайдта, ССР Цӕдеси наукити Академий этнографий институт ке исараздӕ, уӕхӕн еугурцӕдесон наукон сесcити ӕма конференцити.

Наукон кустӕй уӕлдай ма Калоти Барис устур ӕргом ӕздахта ӕригон ахургӕндтӕ гъомбӕл кӕнунмӕ. Ӕ раздӕри аспиранттӕй беретӕ кустонцӕ ӕма нерӕнгӕ дӕр ма косунцӕ академион институтти ӕма Цӕгат Кавкази уӕлдӕр ахургӕнӕндӕнтти.

Калоти Барис айдагъ устур ахургонд нӕ адтӕй, фал ма имӕ адтӕй адӕймаги алӕмӕти удогъӕдон адӕймаги менеугутӕ. Хумӕтӕг, хуӕдӕфсармӕ, хӕларзӕрдӕ адӕймаг. Алкӕддӕр кустгъон, зӕрдиагӕй косуй нӕуӕг фарстатӕбӕл архайӕг. Уӕхӕнӕй ӕй абони сӕ зӕрдӕбӕл дарунцӕ, кадӕриддӕр ӕй фӕсмардта, етӕ – е 'мгустгӕнгутӕ, ӕ гъомбӕлкӕнуйнӕгтӕ, ӕ хеуӕнттӕ, ӕ берӕ зонгитӕ.

## КАЛОТИ БАРИСИ НАУКОН ФӔЛЛӔНТТӔ – НӔ ДЗИЛЛӔН ЦӔМӔДЕСАГ












*Климент ТИМИРЯЗЕВ (1843-1920), номдзуд уруссаг биолог: «Ахургæндтæ æма наукæ е ’хсæнадæ æма адæймагадæн лæггадæ кæна, уой медæгæ нæй фарста – уæхæн фарстайæн уæн дæр нæййес. Фарста уой медæгæ ’й, æма, еци нисанмæ цубурдæр ка ’й æма имæ æнæсайддæрæй ка хонуй, е циуавæр над æй, уой исбæлвурд кæнун...»*





ТÆКЪОТИ Дзандар

# ÆРДЗИ ХÆЗНАТÆЙ ФАРНÆ ХАСТА АДÆМÆН!..



**ТЕПСИХЪОТИ Зойæ** (1938-2008),
журналист

***Ахургæнæг Тæкъоти Дзандари туххæй ахид дзурдта, аци кавказаг лæхъуæн берæ уруссаг ахурдзаутæй дæснидæр финсуй. Дзандар æ еугур хъауритæй дæр архайдта уобæл, цæмæй еугур предметтæ дæр зона æмхузон хуарз. Æма е æ къохи æфтудæй. Математикæ æма физики предметтæй къласи адтæй еугуремæй хъаурæгиндæр. Æ сахайраг уруссаг æмбæлттæй бæрæг дардта айдагъдæр æ уæледарæсæй.***

Тæкъоти Дзандарæн æ фидæ Авсимайхо æма æ мадæ Олинка сæ цард байеу кодтонцæ Октябри революций агъоммæ, кодтонцæ зæнхи куст. Мæнæ мæнæ гъæздуг бийнонтæй нæ адтæнцæ, цардæнцæ рæстæмбес, сæ кæрдзиндæттон, хæларзæрдæ æма кæдзос фæллойнæ уарзондзийнадæн син гъæубæстæ устур аргъ кодтонцæ. Фæззиндтæй син цæуæт – æхсæз фурти æма кизгæ. Дзандар адтæй биццеутæй цуппæрæймаг, райгурдæй 1916 анзи. Ирæзтæй цæрдæг, хуæрзæгъдау æма коммæгæсæй. Берæ уарзта сувæллонæй таурæхътæмæ, аргъæуттæмæ игъосун. Скъоламæ цæун ку райдæдта, уæд æ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй ахур кæнун. Уайтæккæдæр базудта кæсун, финсун, фулдæр уарзта математики уроктæ.

## ÆНОВУДÆЙ ТУНДЗТÆЙ Æ БÆЛДÆ ИСÆЦÆГ КÆНУНМÆ...

Райдайæн кълæсти ку ахур кодта, уæд еци рæстæг æ фиди æнсувæр Темболи кизгæ ба ахур кодта Ленингради паддзахадон университети. Сæрди каникулти сæхемæ Киристонгъæумæ ку исцæуидæ, уæд æвзонг Дзандар æ хуæри разæй некумæбал цæуидæ, фæрсунтæ ’й райдайидæ уæрæсейаг устур сахари хабæрттæй. Æхсæвæ хусгæ нæбал кодта, æ базургин бæллецтæ ’й æскъафтонцæ Невай билæбæл сахармæ. «Исон мæ фæндон Катяйæн æнæ зæгъгæ нæ фæуудзæнæн, æ хæццæ мæ фæххонæд Ленинградмæ, нецæмæй æй батухсун кæндзæнæн, бацæудзæнæн ахурмæ», – уотæ гъуди кæнгæй, рахатæ-бахатæ фæккодта æхе хуссæни сæумæмæ. Сæумæ ба еци игъæлдзæгæй æ хуæри уæлгъос балæудтæй, æ ходæндзаст цæститæй имæ никкастæй, уæдта ин загъта лигъстæгæнгæ гъæлæси уагæй:

– Катя, дæ хæццæ мæ Ленинградмæ фæлласай, уоми мæ фæндуй ахур кæнун...

Катя нигъгъос æй, æ минкъий æнсувæри дзубандитæ имæ гъазæгау фæккастæнцæ. Фал бабæй имæ Дзандар нæуæгæй æхе бахадта:

– Мæн дæр ахур кæнун фæндуй, дæ хæццæ мæ райсæ!..

Нур Катя балæдæрдтæй, биццеуæн æ дзубандитæ æ зæрди арфæй ке цæунцæ æма сагъæсти фæцæй: «Цума æй нур æцæгæй мæ хæццæ ку фæлласинæ, уæд цитæ кæнидæ еци устур æнæзонгæ сахари, æхсæз къласи дæр ку нæма фæцæй, кæми ахур кæндзæнæй, кæми цæрдзæнæй?» Уотæ рагъуди кæнгæй, рамæстгун æй æма ин уотæ бакодта:

– Мæхецæн æмдзæрæни бунат тухxæй ку ес, æртæ кизгемæй унгæг уати ку цæрæн, уæд кумæ тæходуй кæнис, кæми цæрдзæнæ, циуавæр скъоламæ цæудзæнæ?

Дзандар æ хуæри еци дзуапбæл зæрдсаст нæ фæцæй. Æнгъæлмæ имæ кастæй каникулти æ иннæ исæздæхтмæ, ка ’й зонуй, уæдмæ æ хуæрæ æ фæндæ хуæздæрæрдæмæ раййевдзæнæй.

Æрхъæрдтæй еци иннæ анз дæр. Дуккаг дæр. Уæддæр Катя æ гъос нæ даруй Дзандари æ хæццæ фæххонунмæ. Айдагъдæр фæстаг къурсмæ ку бацудæй, уæд æ минкъий æнсувæрæн зæрдæ байвардта ке ’й фæлласдзæнæй Ленинградмæ, уомæй.

Рагъуди кæнгæй, Тæкъоти дууадæсанздзуд Дзандарбæл устур деси бацæун æнгъизтæй: нæ рахес, нæ галеу æвзарун нæма зудта, уотемæй æй æрфæндадтæй курухон лæги нæдтæбæл фæццæун, устур ахургонд исун.

1928 анз. Хумæтæг зæнхкосæг ниййергутæ сæ хъæболæ Дзандари нæ бакъулумпи кодтонцæ æ балцийæй. Еци анз биццеу каст фæцæй æхсæз къласи. Райста скъолайæй æ гæгъæдитæ, æ хурдзини ниввардта цалдæр киунуги, зуймон дарæсæй райста фусдзармæй худт кæрцæ æма ходæ, уотемæй лæги бундзæфхад рабæлццон æй.

Æвзонг биццеу æ хурдзини хæццæ Ленингради Невай проспектбæл æ студент хуæри фæсте ку уадæй, уæд имæ сахайраг адæм цæмæдесæй кастæнцæ, цума аци биццеу ци гъуддагбæл лæуд уодзæнæй, зæгъгæ.

## Æ КАФТÆЙ АДÆМИ ДЕСИ ÆФТУДТА...

Дзандар æрфусун кодта институти æмдзæрæни Катя æма е ’мбал кизгутти уати. Дуккаг бон æй Катя бакодта скъоламæ – косгути факультетмæ. Ахуради хайади сæргълæууæг æй раздахта, æ æнзтæ ке нæ æййафтонцæ, уомæ гæсгæ. Æма уæд бацудæй фабрикон-заводон авданзон скъоламæ, фал æй райстонцæ фæстæмæ æхсæзæймаг къласмæ, уруссаг æвзаг, дан, лæмæгъ зонуй, зæгъгæ. Фиццаг бæнтти рабæрæг æй ахурмæ æ зæрдæргъæвддзийнадæ. Уруссаг æвзаги грамматикæ иннæ скъоладзаутæй лæмæгъдæр нæ зудта. Ахургæнæг ахид дзурдта, аци кавказаг лæхъуæн берæ уруссаг ахурдзаутæй дæснидæр финсуй.

Дзандар æ еугур хъауритæй дæр архайдта уобæл, цæмæй еугур предметтæ дæр зона æмхузон хуарз. Æма е æ къохи æфтудæй. Математикæ æма физики предметтæй къласи адтæй еугуремæй хъаурæгиндæр. Æ сахайраг уруссаг æмбæлттæй бæрæг дардта айдагъдæр æ уæледарæсæй.

Еуæхæни Петрогради фарси райони (уотæ хундтæй уæди районтæй еу) фабрикон-заводон авданзон скъолати ’хсæн физикæ æма математикæбæл арæзт æрцудæй конкурс. Дæснидæр ахурдзаути хæццæ уордæмæ рарвистонцæ Дзандари дæр. Се скъола байахæста фиццаг бунат.

– Скъолай ахури рæстæги ци æримисон, уæхæн хабæрттæ мæмæ минкъий нæййес, – дзурдта Дзандар. – Мæ хуæрæ мæ ку бакодта скъоламæ, уæд мæмæ цæмæй хуæздæр цæстæй ракастайуонцæ, уой тухxæй син загъгон, къахифийтæбæл лезгинкæ хъæбæр дæсни ке кафун. Æма ’й еууæхæни скъолай цидæр бæрæгбони кадæн изæри ракафун кодтонцæ. Хъæбæр фæццудæй сæ зæрдæмæ мæ кафт. Иннæ хатт ба Петрогради фарси райони скъолатæн арæзт æрцудæй олимпиадæ, кæцими архайдтонцæ хехъæппæресадон къуæрттæ. Не скъолай нæуæгдзаути разамонæг мæмæ ниллæудтæй, цæмæй æз дæр лезгинкæ ракафон. Аразий дзуапп ин ку равардтон, уæд мæ фæххудта Васильеви сакъадахмæ (уотæ хундтæй еу район). Уоми тукани бæтгæй лæвардтонцæ национ дарæс. Æз равзурстон цохъа бухар ходи хæццæ. Олимпиадæ цудæй театри устур зали. Зæрдиагæй байархайдтон мæ къахифийтæбæл лезгинкæ ракафунбæл. Хъæбæр исхед дæн кафгæ-кафун æма ку фæдтæн, уæд фæттагъд кодтон мæ цохъа раййевунмæ. Мæ фæдбæл æрбауадæй нæуæгдзаути разамонæг æма мæмæ дзоруй:

